Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 31 (98936) 13 август 2021 с. /Рузман 4 МухIаррам 1443 с./ багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




***Ежегодно во вторую субботу августа в России отмечается День физкультурника. Он отмечается в нашей стране с 1939 года. Это праздник всех, кто любит спорт - вне зависимости от профессии и возраста. По традиции в период празднования этого дня во многих местах нашей страны проводятся физкультурно - спортивные мероприятия.***

## Уважаемые казбековцы!

Поздравляем всех тех, для кого спорт стал не просто увлечением или работой, но и самым настоящим смыслом жизни. Желаем вам всегда идти вперёд с лозунгом «Выше, сильнее, быстрее».

Пусть эти три слова будут стимулом для вашего постоянного прогресса, побед и достижений. Здоровья вам, крепких сил и нескончаемой выносливости, побольше позитива, отличного настроения и боевого духа.

С Днём физкультурника!

**Глава МР «Казбековский район» Г. Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## КIиабилеб прививка гьабичIого бегьуларищ?

Районалда тIадбан унеб буго коронавирусалде данде вакцина гьабиялъул кампания. Прививка гьабизе бокьаразе бигьалъиялъе поликлиникаялда гIуцIун руго хехаб кумекалъе хIадурал бригадаби. Цебе чIараб масъалалъун букIана, цIияб цIалул сон байбихьилалде, кIиябго этап вакцинациялъул тIубазабизе. Школазда, лъималазул ахазда бакIаздаго прививкаби гьаризе тохтурзабазул бригадаби росабалъе хьвадана. КIиго къоялда жаниб вакцинаялъул 600 доза лъугIана. Гьедин рагIалде бахъинабуна вакцинация гьабиялъул тIоцебесеб бутIа. Гьелъул кIиабилеб бутIа байбихьилелде, гьелда хурхараб цо чанго суалалъе жаваб балагьун, дун районалъул поликлиникаялде щвана. Гьений дун участковыяй терапевт ПIайнаъ ЛатIиповагун дандчIвана.

**- ПIайнаъ ГIабдулгIазизовна, вакцинаялъул кIиябго бутIаялда гьоркьоб 21 къо чIезабиялъе гIилла щиб?**

-Коронавирусалде данде гьарулел вакцинабазул, «Спутник Лайт» препаратгалъул хутIизагIан, кIиго компонент буго. 21 къоялдасан кIиабилеб прививка гьабизе лъикIаблъун рикIкIуна, щайгурелъул гьеб заманалде нилъер къаркъала хIадур букIуна кIиабилеб къабул гьабизе, чорхое хIажатаб къадар антителабазулги гIола.

**- КIиабилеб прививка гьабунгутIиялъе шартIал кинал ругел?**

- Сахлъиялъулъ гIунгутIаби ругиланги абун, кIиабилеб прививка гьабичIого тезе бегьуларо. Чорхолъ унтабазде дандечIей букIине ккани, чара гьечIого, кIиабилебги гьабизе ккола. Нагагьлъун гьеб гьоркьоблъиялда гриппалъул, аллергиялъул ва цогидабги вирусалъул унти чорхолъе ккани, кIиабилеб прививка, тохтурасул малъиялдалъун, нахъгIамизе бегьула. Амма гьабизе тIадаб буго.

**- Гьеб заманалда, кире рукIаниги ккун, вакцинациялде ине гьабизе рачIине къагIида ккечIони, щиб гьабизе кколеб?**

- ЧIезабураб заманалда вакцинациялде ине рес рекъолеб гьечIони, 6 моцIалда жаниб гьеб гьабизе бегьила, амма заман гьоркьоб анагIан, вакцинаялъул пайда букIунаро. ЦIидасан гьеб гьабизе ккезеги бегьула. Заман щвелал вакцинация гбокьараб медпунктгалда гьабизе бегьула, гьелъул къварилъи гьечIо.

- Баркала, ПIайнаъ ГIабдулгIазизовна, пайдаяб гара-чIвариялъухъ.

### ХIурматиял районцоял!

Нилъерго сахлъиялъул ургъел, нилъецаго гIадин, лъицаниги гьабизе гьечIо. Гьелде тIадеги, нилъерго гуреб, сверухъ ругезул тIалаб гьабизеги жив-живасда тIадаб буго. Вакцинаялъ гурони, коронавирусалдаса хвасар гьаруларин абулеб бугелъул, Аллагьасде божилъигун, рачIа вакцинация гьабизе.

**Д. БАТИЕВА**

*Районалъул администрациялда*

## Аппараталъул данделъиялда...

10 августалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана бетIерасул заместителал, администрациялъул отделазул, лъайкьеялъул Управлениялъул, АХЦялъул, культураялъул отделалъул начальникал, росабазул администрациябазул бутIрул ва школазул директорзаби.

Данделъиялъул хал гьабиялде росун рукIана сентябралда тIоритIизе ругел рищиязде, школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялда ва районалъул бетIерасул тIадкъаял тIураялда хурхарал суалал.

Жиндирго цебергIиялда ХI.ХI. Мусаевас гьениб абуна: *«Жакъасеб данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал нахъбахъи гьечIел ва цIакъ кIвар цIикIкIарал рукIиналъ, отпускалда вугониги, дир къотIи ккана данделъиялда гIахьаллъизе. КIалъазе рахъунезда гьари буго, чIванкъотIун, гьабураб хIалтIул, дандчIвалел квекIеназулгун захIмалъабазул биценян. Гьелъ нилъее рес кьезе буго, цадахъ лъугьун, квекIеназдагун захIмалъабазда тIад хIалтIизе ва лъицаниги гIайибал чIвалареб къагIидаялда, тIоритIизе ругел ишазде хIадур рукIине»*,-ян.




Рищиязде хIадурлъиялъул суалалда тIасан кIалъай гьабизе гьенив цеве вахъана районалъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов. Гьес гьениб бицана рищиязул участкабазда гьабулеб хIадурлъиялъул, гьенир хIажаталщинал алатал чIезариялъул ва дандчIвалел цо-цо захIмалъабазул.

Б. Нуцаловасул кIалъаялда тIасан гьабураб тIадкIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: *«Гьай-гьай, нилъер щибниги щаклъи гьечIо жакъа хал гьабиялде росарал суалал жавабчилъи цIикIкIарал рукIиналда. Гьелъ, гьел тIуразаризе тIадкъараз щибаб къойилаб хIалтIи гьабизе ккола. ЛъикIаб букIина, бакIазде щун, рищиязул участкабазда бугеб ахIвал-хIал лъазабуни, гIоларел рахъал тIагIинариялда тIад хIалтIани. Жеги заман бугинги абун, чIезе бегьуларо, щайгурелъул, жакъа къо гIадин, рищиязул къо тIаде щведал риххи-хочиялде ккечIого рукIине. ПIайибал чIвалареб къагIидаялда хIалтIун бажарулеб гьечIони, гьеб бажарулезухъеги кьун, нахъе ине ккола. Божи лъола рищиял тIоритIи гIуцIиялда нухда ине букIиналда»*,-ян.

ЦIияб цIалул соналде школал хIадур гьариялъул суалалда тIасан кIалъай гьабуна лъайкьеялъул Управлениялъул начальник МухIамадрасул МахIамаевас. Гьес абуна: *«Хасаб комиссиялъ хал гьабуна росабазул школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул, ва гьел цIалдохъаби къабул гьаризе хIадур руго. «100 школа» программаялда рекъон, Гуни росдал гимназиялда капиталияб ремонт унеб буго. Гьелъие гIарац биччана районалъул администрациялъги. Гьенир хисулел руго киналниги гордал ва къватIисел рахъазул нуцIби. Гьениб тIадбан хIалтIиги гьабулеб буго. Цого хIадурлъиялъул суалалда тIадчIей гуребги, рехсараб комиссиялъ хал гьабула школазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул суалалъулги. РакIчIун абизе кIола жиндир заманалда гьенир гьарулел хIалтIаби бетIералде рахъине ругин»*,-ан.

М.-р. МахIамаевас кьураб информациялда тIасан гьабураб тIадкIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: *«Узухъда, цIияб цIалул соналде школал хIадур рукIин лъикIаб иш буго, амма цоги нухалда тIадруссун, школазда хIинкъи гьечIолъиялъул суалалъул хал гьабуни ва гIоларел рахъал тIагIинариялда тIад хIалтIани квеш букIинаро»*,-ян.

Данделъи ахиралде щвана аппараталъе нухмалъулесул заместитель Марьям-Асият ХIамзатовалъ районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул биценалдалъун. Гьелъ абуна: *«Цониги тIадкъай гьечIо тIубачIого хутIараб. Узухъда, руго тIадкъаял жидее дагьалъ халатаб заман бихьизабурал. Гьел заманалда тIуразариялда тIад хIалтIулелги руго»*,-ян.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 14 август - физкультурникасул къо
гьум.3 ЖамагIатгун цадахъ
гьум.4 Токиоялда тIобитIараб олимпиадаялда

# 14 август-физкультурникасул Къо

*1939 соналдаса байбихьун, ва, щибаб соналъул август моцIалъул кIиабилеб субботалъ, нилъер пачалихъалда кIодо гьабула физкультурникасул Къо.*

*Гьеб жидерго къолъун рикIкIуна миллионал нилъер гIадамаз. ГIадатлъун лъугьун буго гьеб къоялъ киса-кибего нилъер улкаялда спорталда хурхарал батIи-батIиял тадбирал тIоритIи, спорталъулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал кIодо гьари.*

## Дица тIолго гIумру спорталъе кьуна



Ахириял соназ спорт цебетIезабиялъе нилъер районалда гIезегIанго хIалтIи гьабуна ва гьабулеб буго. Гьелда тIад хIалтIана районалъул администрация, спорткомитет, гIолилазулгун жамгIиял гIуцIаби ва жидее спорт бокьулел. ГIатIидгьабун, гьелъул хIакъалъулъ хъвазе ккеларо, щай абуни, арал соназ спорт цебетIезабиялъе гьабурабщинаб хIалтIул хIакъалъулъ районалъул газеталдагун информациялъул алатазда хъван букIун. Амма цоги нухалда рехсечIого гIеларо спорталда сверухъ районалда гьабулеб хIалтIулъ гIолилаз гьабураб жигараб гIахьаллъи.

Гьез, жидецаго гIарац бакIарунги, спонсорал ралагьунги, хIажатаб материал чIезабунги ва жалго хIалтIулъ гIахьаллъунги эхетана спортзалал, хIадурана спортплощадкаби ва гь.ц. Гьедин спорталде кьураб кIваралъ, гьайгьай, хIасилал кьечIого рукIунаро.

Нилъ нугIзаллъун руго эркенаб гугариялъул, волейболалъул, футболалъул ва гь.ц. спорталъул тайпабазулъ нилъер гIолилаз рихьизарурал церетIеязе. Спорт бокьулезда, узухъда, гьел лъазеги лъала.

14 август - физкультурникасул Къо букIин хIисабалдеги босун, спорт цебетIезабиялъе гьес тIолабго гIумру кьун букIиналдеги балагьун, дун дандчIвана Россиялъулгун Дагъистаналъул мустахIикъав тренер, РДялъул физкультураялъулгун спорталъул мустахIикъав хIалтIухъан, Халкъалдагьоркьосеб категориялъул судья ва спорт цебетIезабиялъе гьабураб хъулухъалъухъ медалалъул кавалер, Ленинаул росулъа ХIамзат ИсмагIилович ГIабасовгун.

Дида ХIамзат лъала гIолохъанаб заманалдасаго. РакIрагьарав, гьимун гурони кIалъаларев, махсаро-хочI гIемерав, рагIи рекъезабун бажарулев гьесул гIамал-хасияталъулъ щибниги хисун гьечIоан. Цого, хъахIлъараб расалъ, гьурмаде рехарал рукIкIалабаз ва беразулъ бугеб цIодорлъиялъулгун гIакъиллъиялъул кунчIиялъ бицунеб букIана ХIамзатица нахъа тараб гIумрудул нух бигьаяб букIинчIеблъи ва гьес гьеб гIадамаз гIайиб чIвалареб хIалалда тун букIин.

Салам-каламалдаса хадуб, дица ХIамзатида дандчIваялъул мурад бицана. Гьесул гьурмаде нечеялъул гьими рещтIана ва, гIезегIанго заманалъ мугIруздехун балагьунги чIун, гьес абуна: «Дир гIумруги спорталда гьеб хурхинабурал районалъул гIезегIанго гIадамазул гIадинаб букIана.

Дун гьавуна 1957 соналъ Ленинаул росулъ. ГьитIинаб заманалдаго дие спорт бокьулаан. Хасго рекIее гIолаан эркенаб гугари, волейбол ва футбол. Узухъда, доб заманалда нижее кинал рукIаниги шартIал рукIинчIо, амма спорталде бугеб рокьиялъ гьел гьечIолъи гIемер лъазе толароан.

Росдал школалда 8 классги лъугIизабун, ана Хасавюрталъул педучилищеялде. Гьеб лъугIун хадусан цо соналъ Гуниялъул школалда физрукълъун хIалтIана. Гьенисанго Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ гьабизе витIана. ТIадвуссун хадусан, Ленинаул росдал гьоркьохъеб школалде хIалтIизе лъугьана.

Дун гьенив 23 соналъ хIалтIана. Гьайгьай, районалда тIоритIулел спортивиял къецазулъа камун вукIунароан. Дун районалъул футбол ва гандбол хIалезул командабазда гьоркьов вукIана ва нижер командаби тIоцересел бакIалги росун, Дагъистаналъул кубоказе мустахIикълъана. Армиялда вукIараб заманалдаги дун эркенаб гугариялъул батIи-батIиял къецазулъ гIахьаллъана. РакIалдаса унаро, Одессалъул рагъулаб округалъул чемпионлъунги вахъун, дун отпускалде витIи.

1994-2001 соназ Ш. ГIумахановасул лъималазулгун гIолилазул олимпиадабазде хIадурлъиялъул спортшколалъул тренерлъун хIалтIана, гьенивго завучлъунги вукIана.

1998 соналъ витIана Пермь шагьаралде. Дица гьениб эркенаб гугариялъул Халкъалда гьоркьосеб класса лъул судьяби хIадуриялъул семиналалда экзаменал кьуна. Гьелдаго хадуб дица судьялъи гьабуна Польшаялда, Болгариялда, Турциялда, Венгриялда, Ираналда, Сербиялда, Азербайджаналда ва гь. ц. бакIазда тIоритIарал эркенаб гугариялъул батIи-батIиял даражаялъул къецазда.

Районцоязда цIакъ лъикI лъала 1999 соналъул август-сентябралда нилъер районалда букIараб ахIвал - хIал. Чачаналъа гьанире рачIине къасд гьабурал законалде данде кколарел яргъид - гIуцIаразде районалъул гIадамаз дандечIей гьабичIебани, гьелъул хIасил кинаб букIинеб букIарабали лъаларо. Гьелъульги дун гIахьаллъана. Гьелъухъ дун кIодо гьавуна, «Ополчениялъе - 15 ва 20 сон» медалаздалъун, кватIичIого кьезе бугин абуна рагъулал тунка - хIусиязул гIахьалчиясул удостоверениеги. ТIаде босараб иш ракIбацIцIад, рагIа-ракьанде щун, гьелде рокьигун гьабулеб гьечIони, гьай-гьай, иш цебехун унаро. Диего рецц-бакъ гьабулев гуро, нилъер гIезегIан гIолохъабазе спорталъулъ бергьенлъаби щвеялъулъ дицаги бутIа лъуна. Гьедин, Зикрула Дадаевас, дунялалдаго тIоцебесеб бакIалъе гIоло (2010 с.), Венгриялда тIоритIарал эркенаб гугариялъул къецазда бергьенлъи босана.

АхIмад ХIажимухIамадов вахъана Европаялъул чемпионлъун, дунялалъулго чемпионаталъул призёрлъун, 4 нухалда гьес бергьенлъи босана И. Ярыгинил цIаралда тIоритIулел къецазулъ ва дунялалъулго кубокалъе гIоло тIоритIарал къецазулъ.

ГIасабхIажи МухIамадовасги босана дунялалъулго кубок, гьев ккола 2020-21 соназул Европаялъул чемпион ва спорталъул халкъалдагьоркьосеб классалъул мастер.

Къурбан Давудбеговас (2005с.) Ш. ГIумахановасул турниралда бергьенлъи босана ва гьев спорталъул мастерлъун вахъана. СалихI Къурбановас Россиялда тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал къецазда лъабабилеб бакI босана.

Къокъгьабун абуни, тренерлъун хIалтIулеб заманалда, дица эркенаб гугариялъул ичIго мастер хIадур гьавуна. Бащдаб гIасруялде гIагарулел руго дица спорталъе кьурал сонал. Щиб гьабилеб, нилъер цонигиясе кьун гьечIо къисматалъ щиб хъван бугебали лъазе. Цого, кинаб къисмат букIаниги, инсан инсанлъун вукIине ккола ва гьеб дида цIакъ лъикI лъала. Дица тIолго гIумру спорталъе кьуна ва дун гьединаблъун къисмат ккеялда рази вуго», - ян. Гьелде тIаде цоги абизе дир щибниги хутIичIинги абун, ХIамзат Хасавюрталде тIадвуссине хIадурлъана. ДандчIваялде вачIаралъухъ гьесие баркалаги загьир гьабун, дунги тIадвуссана. Гьеле, гьединав вуго нилъер ракьцояв ХI.И. ГIабасов.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

## Спорталде рокьи букIиналъ

Физкультурникасул Къо ккола нилъер тIолабго халкъалда гьоркьоб машгьураб байрам. Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго жинца гIумруялъул 44 сон физкультураялъе ва спорталъе кьурав Закарьяев ГIабдулмуслим ГIабдурашидовичасул хIакъалъулъ.

Гьев гьавуна 1951 соналъ Дилим росулъ. ГьитIинаб мехалдасаго бижана ГIабдулмуслимил спорталде, хасго волейбол хIаялде рокьи. РакIалдаса унаро ниж- цо авалалъул лъимал, кидаго волейбол хIалел ГIабдулмуслимихъ ва гьесул гIел - бащадазухъ ралагьун рукIунаан.

1958-1969 соназ гьев Дилим росдал гьоркьохъеб школалда цIалана. 1969-1971 соназ гьес Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна.

1975-1977 соназ ГIабдулмуслим Хасавюрт шагьаралъул педучилищеялъул физкультураялъул отделениялда цIалана, I993 соналъ гьес Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институт лъугIизабуна. ГIабдулмуслимица спорталъул гIемерал къецазда гIахьаллъи гьабуна, ва гьев гьенив чемпионлъунги вахъана.



Гьедин, ГIабдулмуслим гьоркьов вукIараб педучилищеялъул команда, волейбол хIаялъул рахъалъ (1976 сон), Россиялъул Югалъулаб зонаялъул чемпионлъун бахъана.

1978 -1981 соназ гьев гьоркьов вукIараб районалъул тIаса бищараб командаялъ, волейбол ва кверaз торгIо хIаялъул (ручной мяч) рахъалъ, Дагъистаналъул кубок босана. ГI. Закарьяев цо чанго нухалда, республикаялда волейбол ва теннис хIаязул рахъалъ, призерлъун вахъана, гьединго, теннис хIаялъул рахъалъ, республикаялъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул спартакиадаялъул чемпионлъун вахъана.

ГьабсагIаталда гьев районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул начальникасул заместительлъун хIалтIулев вуго ва гьес школазда гьабулеб физкультураялъулгун спорталъул хIалтIуе нухмалъи гьабулеб буго.

ГIабдулмуслимил нухмалъиялда гьоркь тIоритIула цIалдохъабазул спартакиадаби. ГIемерал соназ гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ ГIабдулмуслим (1993 с.) мустахIикълъана «Россиялъул лъайкьеялъул отличник» абураб цIаралъе, ва гьесие кьуна гьелда хурхараб каранда балеб гIаламат. ГIабдулмуслимица жигараб хIалтIи гьабула районалъул жамгIияб гIумруялъулъги. Гьедин, 2002 соналъ гьев «ТIолгороссиялъул переписалда гьабураб хъулухъалъухъ» абураб медалалдалъун кIодо гьавуна.

Абизе ккола ГIабдулмуслимил тIолабго гIумру спорталда хурхараблъун букIанин.

1972-1974 соназ гьев районалъул ДСО «Урожай» обществоялъул председательлъун, Муса ГIазаевасул спортшколалда завучлъун ва спорткомитеталъул председательлъун хIалтIана.

1991 соналдаса нилъер районалда, Абубакар (Сахратула) МухIамадрасулов ракIалдещвеялда хурхун, волейбол хIаялъул республикаялъул турнир тIобитIула. Гьеб гIуцIиялъул аслияв жигарчилъунги бетIерав судьялъунги ГIабдулмуслим ккола.

Дилим росдал гIадамаз Закарьяевазул хъизаналъул адаб-хIурмат гьабула.

**И. ИДРИСОВ**

# ЖамагIатгун цадахъ...

**ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунеб (Халкъияб аби)**

**Гуни росдае кьучI лъураб заман мухIкан лъалеб гьечIо, амма гьеб XIII гIасруялъул байбихьиялда лъураблъун рикIкIунеб буго. Гьелъул хIакъалъулъ, гIатIидгьабун, хъвалеб буго Зикрула Ильясовасул «Гуни-Салатавиялъул сси» абураб тIехьалда. Районалъул, гьелъул росабазул тарих лъазе бокьаразе пайдаяб гIемераб материал гьелда рехсон буго. Гуни, РИКалъул 3- абилеб Пленумалъул хIукмуялда рекъон (1930 соналъул 17 сентябрь), нилъер районалъул центрлъун гьабун букIана. Гьелъул гIадамазда гьоркьоса рахъана гIемерал гIалимзаби, мугIалимзаби, тохтурзаби, спортсменал, политикал ва цогидалги машгьурал гIадамал. Гьениса ккола Россиялъул БахIарчи Арзулум Ильясовги. Къокъгьабун абуни, Гуни росдал гIадамаз мустахIикъаб бакI ккола районалъул тарихалъулъ гуребги.**



Дида церего рагIун рукIана цIи вищарав Гуни росдал администрациялъул бетIерасул хIакъалъулъ лъикIал биценал, амма, дие бокьаниги, батIи-батIиял квекIенал ккун, гьевгун дандчIвазе рес рекъолеб букIинчIо. Гьале, ахирги дир мурад тIубана.

Дида рагIана, гьеб букIана 10 август, районалъул администрациялда тIобитIулеб аппаратталъул иргадулаб данделъиялда хадусан районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаев, жавабиял хIалтIухъабигун цадахъ, Гуниялде щвезе вугилан. Дун, корреспондент И. Р. Идрисовгун, Гуниялде гIедегIана. Къалъул заманалда бакIалде щварал нижеда, гьений цо чIужугIадан ятана. Гьелъ, гьикъа-бакъиялдаса хадуб, жанире лъугьаянги абун нуцIа ричIана. Бихьарабго бичIчIана, гьеб кабинет росдал бетIерасул букIин. Жаниб бугеб ахIвал- хIалалъ бицунеб букIана гьелъул бетIергьанчи ишалъулав чи вукIин. Цодагьалъ гIодорги чIун, ниж къватIире рахъана. Администрациялъул рукъалъе лъикIаб ремонт гьабун ва кабинетазда цIияб къайи-цIа чIезабун бугоан.

Заманго инелде нижеде тIаде щвана Гуниялдаса районалъул Собраниялъул депутат Н. Меджидов, росдал депутатал ва администрациялъул хIалтIухъаби. Гьелгун хабаралда рукIаго, гьоркьохъеб лагаялъул гIолохъанчи тIаде щвана. Гьев росдал бетIер вукIун вуго. Церего ниж лъалел рукIарал кинниги, гьес, салам-каламалдаса хадуб, нижеда абуна: *«ГьабсагIат гьанире щвезе руго, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевгун цадахъ, жавабиял хIалтIухъаби. Гьелгун дандчIваялдаса хадуб нилъ гIодор чIела ва дица нужер мурад тIубазе хIаракат бахъила»*,-ян.

КватIичIого, тIаде щвана церехун рехсарал гьалбал. Администрациялъул минаялъул хал гьабун хадусан, гьел къватIире рахъана ва росулъ тIоритIулел хIалтIабазул хал гьабизе ана. Гьалбалги нухда регIун, тIадвуссарав росдал бетIерас абуна: *«Гьанже дун нужеде регIана, гьикъе нужедаго лъазе бокьараб»*,-ан. Дица гьесда жиндирго хIакъалъулъ бицеян гьарана.

Гьес бицана: *«Дун ккола ХIажимурад (ХIабиб) Камилович Юнусов. Дун гьавуна 1981соналъ гьаб росулъ. Росдал лъималаздаса гIемерго батIияб гIумру дир букIинчIо. Школа лъугIун хадусан дун лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул экономикаялъе нухмалъиялъул факультеталде. Гьелдаса хадув армиялде ана. ТIадвуссун хадув цо чанго батIиял хъулухъазда вукIана (трансэкспедиционнияб компаниялъул хIалтIухъанлъун, «Витас» банкалъул инкассаторлъун, чIегIераб нарт хIалтIизабулеб заводалъул генералияв директорасул заместительлъун хIалтIана).*

*Гьединго, 2015-2020 соназ росдал Собраниялъул депутатлъунги вукIана.*

*2020 соналъул декабралда дун росдал администрациялъул бетIерлъун вищана. Узухъда, гьанив гIурав ва цо чанго соналъ депутатлъун вукIарав дида сундасан хIалтIи байбихьизе ва щиб гьабизе кколебали лъикI лъалаан. Гьаб нилъ жанир ругеб мина букIана бичча- бихъан тун. «ХIалтIулеб бакI бихьун кьола чиясе къимат»,-ан аби буго. ХIажат букIана гьениб ремонт гьабизе.*

*Къокъаб заманалда жаниб нужеда бихьулеб хIалалде гьеб бачана. Гьелдалъун гьеб лъугIине гьечIо. РакIалда буго гьаб мина медицинаялъул хIалтIухъабахъе кьезе ва администрациялъе цIияб мина эхетизе. Гьенирго рукIине руго росдал культураялъул, библиотекаялъул, СПКялъул хIалтIухъабазе, гьединго, участковыясе, МФЦ ялъул вакиллъиялъе ва музеялъе бакIалги. Гьелъие бахъараб проектги буго. Гьелъ росдал гIадамазе рес кьезе буго цойидасанго гIезегIанго хъулухъал тIуразе. РакIалде ккола, халат бахъинабичIого, гьеб проект бетIералде бахъинабизе кIвелилан.*

*Нилъеда лъала, жамагIат бикь - бикьун бугони, кинаб букIаниги иш цебехун унареблъи. Росдал жамагIат цолъизаби дица цере чIарал масъалабазул «минаялъул» кьочIол букIнилъ аслияб «гамачIлъун» лъуна.*

*Депутатал, жамагIатчагIи, мугIалимзаби, росдал гIуцIабазе нухмалъулел ва росу лъикIаблъунги берцинаблъунги лъугьине бокьарал дандеги гьарун, нижеца бицен гьабуна росулъ бугеб ахIвал-хIалалъул, цолъизе ккеялъул, тIоцебесеб иргаялда, бетIералде рахъинаризе кколел суалазул. Гьедин гьабиялъ нижеда бажарана, росдал «гьумер» хисизабизелъун, гIезегIанго хIалтIаби гьаризе.*



*Нилъер районалъул киналниги росабалъ бугеб ва басрияб «унтилъун» ккола гIураб къадаралда лъим чIезабизе кIунгутIи. Гьай-гьай, гьеб «унти» нижер росулъги буго. Гьелда сверухъги нижеда гIезегIанго хIалтIи гьабизе кIвана. Мухъал хисун, къуватал моторал лъун, росулъе чвахулеб лъим нижеда лъабго нухалъ цIикIкIинабизе бажарана. Росдал гIи чурулеб бакI букIана щибниги санагIалъи гьечIеб. Гьебги нижеца заманалде данде ккoлеб къагIидаялде бачана, гьанже гьенир киналниги санагIалъаби ругин абизе бегьула.*

*Росдал гъоркьияб рахъалда гIезегIанго магIишатал руго. ГьабсагIаталда гьенибе бугеб нух буго цIакъго къваридаб, гIадамазе яги техникаялъе хьвадизе захIматаб. Цоги нухдасан гьенире ине ккани, нух лъикIаланго манзилалъ халалъула. Гьелъ, гьадаб администрациялда цебе бугеб кIкIал, гьеб нужеда бихьана,гъоркь трубаби лъун, гамачI бан, цIезабулеб буго. Гьелъ рес кьезе буго росдал гъоркьияб рахъалде гIатIидаб ва къокъаб нух букIинабизе. Гьелдаго цадахъ, росдал аслияб къватIалъул цо бутIаялде хъил тIезе буго. Гьеб хIадур гьабиялда тIад жакъаги гIадамал хIалтIулел руго.*

*Цоги, цере чIарал аслиял масъалабазул цояблъун ккола спорталъул объектал росулъ чIезари. Гьезиеги бакIал рихьизарун руго ва гьеб масъала бетIералде бахъинабиялда тIадги ниж хIалтIулел руго.*

*Гьай-гьай, гьабизе кколеб хIалтIи гIемераб буго. Лъала, циндаго кинабго чIезабизе кIвезе гьечIеблъи, амма божи лъола, дагь-дагь ккун, хIажатабщинаб чIезабизе кIвезе букIиналда. Гьелъие гIураб къуват нижер жамагIаталъул буго. АбичIого гIоларо, гьарулел хIалтIаби нухда иналъе гIарцул, техникаялъул, материалалъул ва цогидабги хIажатабщиналъул рахъалъ квербакъулин спонсораз, районалъул администрациялъ, хасго районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас ва жамагIатчагIазгун росдал гIолилаз.*

*Гьаниб рехсечIого рес гьечIо Шамиль МухIамадовасул цIар. Гьес гIарцудалъунги техникаялдалъунги лъикIаб кумек гьабуна. Гьединал нижер росулъ гIемерал руго. ХIажатаб къоялъ дида хьолбохъ чIола районалъул ва росдал собраниябазул депутатал.*

*Узухъда, жамагIат цолъун бугони, хIалтIи цебе унеблъи нижер гIадамаз бихьизабулеб буго. РакIалде ккола цере лъурал киналниги маъалаби ахиралде щвезаризе нижер жамагIаталда кIвелин ва росу социалиябгун экономикияб рахъал цере тIуразул цебесеб кьерда букIинин»*,-ан.

ХIажимурадил(ХIабибил) гIодобе биччараб, ракIчIун, гьабулеб каламалдасан бичIчIунеб букIана росдал жамагIаталда цере чIарал масъалаби бетIералде рахъинариялъе гьес жиндирго гIакълу, лъай, бажари ва кинабго къуват, щибниги барахщичIого, кьезе рукIин.

ДандчIвай тIобитIизе рес кьуралъухъ, халатбахъараб, ракIрагьараб гара-чIвари гьабиялъухъ ХIажимурадие (ХIабибие) баркалаги загьир гьабун, ниж нухде рахъана.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

# Баркула!




Нилъер рохьил магIишаталда руго гIезегIанго ракIбацIцIад ва бажаризабун хIалтIулел гIадамал. Гьединазул цоявлъун ккола «Казбекалъул рохьихъанлъи» гIуцIиялъе нухмалъулев Ибрагьим Къасумович ХIусейнов.

1991 соналъ, нухмалъиялъе гьесул бугеб бажари бихьун, Ибрагьим рехсараб магIишаталъул директорлъун тIамуна ва гьабсагIатги гьев гьеб хъулухъалда вуго. Ибрагьимил хIалтIудехун бугеб бербалагьи, жигарчилъи, ракIбацIцIалъи Дагъистаналъул рохьихъанлъиялъе нухмалъулезда бихьичIого хутIичIо.

Дагьал церегIан къояз И. ХIусейнов гьез кIодо гьавуна «Даглесхоз» гIуцIиялъул ХIурматалъул грамотаялдалъун.

РакI-ракIалъ баркула Ибрагьимида гьеб шапакъат. Гьарула гьесие сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

**Гъудул-гьалмагъзабазул къокъа**

# 10 августалда байбихьана гьижрияб ЦIияб 1443 сон!




МухIаррам моцI ккола жидеда жаниб рагъ хIарам гьабурал жинда салам лъеяв Ибрагьим аварагасул заманалдаго хIурмат гьабулеб букIарал, Къуръан-хIадисалъ жидер хиралъи бицарал моцIазул цояб. Гьединлъидал щивав бусурманчияс кIвар кьезе ккола гьеб моцI Аллагьасе тIагIат цIикIкIун гьабун, хIал кIвараб къадаралъ квешлъи рехун тун, тIобитIизе.

Гьеб моцIалъул анцIабилеб къоялда ГIашура къойилан абула. ИчIабилебги анцIабилебги къоязда гьоркьоб бугеб сордоялда ГIашура сордойилан абула. ГIашура къоялъгьабураб дугIа Аллагьас къабул гьабула. Гьеб къоялъ бокьараб гьуинаб квен гьаби, батIи-батIиял нигIматазул мугьги бан, гьеб садакъалъе бикьи ва жидецаго кванай, лъалел-хъвалезе сайгъатал кьей, мискин-ятимазе садакъа бикьи суннатаб буго. «ГIашура къоялъ кIал кквеялъ араб лъагIалил мунагьал чурула. ГIашура къоялъ цо гьитIинаб жоцин садакъалъе кьурасе кири Аллагьас УхIуд мегIералда бащад гьабула», - янги буго.

ГIашура къоялъ рукъалъул агьлу, квана-гьекъезе жо, ретIел-хьит босун, рохизаризеги, гьезие гIатIилъи гьабизеги суннатаб буго. Гьедин гIатIилъи гьабурав чиясе ТIадегIанав Аллагьас тIубараб лъагIалица гIатIилъи гьабизе бугилан бицунеб буго хирияб хIадисалда.

КIал кквеялда къокълъичIого, цоги-цоги тIагIат гьабизе, Къуръан цIализе, свалат битIизе, мискин-пакъиразе садакъа гьабизеги суннатаб буго.

ГIашура къо ккола ТIадегIанав Аллагьас Адам аварагасул (гI.с.) тавбу къабул гьабураб, Идрис (гI.с.) Алжаналде вачараб, НухI (гI.с.) гамидаса рещтIараб, Ибрагьим (гI.с.) цIаялдаса хвасарлъараб, Мусаде (гI.с.) Таврат рещтIараб, ФиргIавн гъанкъараб, Муса авараг (гI.с.) гьесдаса хвасарлъараб, туснахъалдаса Юсуф авараг (гI.с.) къватIиве вачIараб, Давуд аварагасул (гI.с.) мунагь чурараб, Сулейман аварагасухъе (гI.с.) ханлъи тIадбуссараб, ГIиса авараг (гI.с.) зобалазде вахараб, Аюб авараг (гI.с.) сахлъараб, ччугIил ургьиса Юнус авараг (гI.с.) къватIиве вачIараб, ЯгIкъуб авараг (гI.с.) вас Юсупгун дандчIвараб ва цогидалги хиралъаби ругеб къо.

Цебеккунги рехсовухъе, анлъго моцIалъ халат бахъараб тIуфанги Аллагьас тIаса босун, Мух1аррамалъул анцIабилеб къоялъ НухI аварагасул (гI.с.) гама Жуди магIарда чIана. Гьелда щукру гьабун, НухI аварагас (гI.с.), кIал ккуна, кквейилан цогидазги амру гьабуна, гьеб къоялъ кIал кквечIев чиги цониги вукIинчIо. ХIатта хIинчI-гъедуялъ, гIалхул хIайваназ – рухI бугебщинаб жоялъ ккунилан буго.

Цинги НухI аварагас (гI.с.) нахъе хутIарал киналго нигIматазул мугьалги данде ракIарун, цо хьагинибе бан, белъун, киназго кванана. Гьелдаса хадуб, гьедин мугь бай, жакъаги гIадамаз билълъанхъизабулеб НухI аварагасул (гI.с.) суннатлъун лъугьана.

ГIашура къоялъ 1000 нухалъ «Къулгьу» цIаларасе БетIергьанасул рахIматалъул балагьи щвела. Аллагьасе гIолойилан бацIцIатаб нияталдалъун балъго хIалкIвараб садакъаги кьела мискин-пакъиразе, бесдалазе, балъго гьабураб садакъа рияъ-сумгIаталдаса бацIцIадаб букIунелъул.

ГIашура къоялъ гьаризе лъикIал гIамалаздасан ккола: черх чурун, берцинал махIал гьарун, рацIцIа-ракъалъи гьаби; цоцазда гьоркьоб ракI лъикI гьабун, лъик1ал мажлисал тIоритIи; садакъа гIемер гьаби; хасго хъизан-лъималазе; гIагарлъиялъе ва бесдалазе; кIалкквей; мугь бай ва, данде руссун, гьеб кванай; хасаб дугIа цIали.

**«Исламияб календаралдаса босараб»**

*Спорт - инсанасул сахлъи*

# Токиоялда тIобитIараб олимпиадаялда...

Лъалеб букIахъе, 2020 соналъ Япониялъул тахшагьар Токиоялда тIобитIизе букIараб XXXII-леб риидалил спорталъул Олимпиада, дунялалдаго коронавирус унти тIибитIун букIин хIисабалдеги босун, 2021 соналде нахъбахъана.

Гьедин, гьеб Олимпиада 27 июлалда байбихьана. Узухъда, пандемиялде дандечIеялъул къагIидаби цIунизе ккеялъ, гьел хIаязда цIакъго хIажатал чагIи гурони, болельщикал рукIинчIо.




Гьединго, нилъеда лъала арал соназ нилъер спортсменал батIи-батIиял хIаязда гIахьаллъиялде, хасго Олимпиадабазда, данде кигIаналъ данде чIун рукIаралали. Гьелъул бицине дун лъугьинаро, амма гьаб нухалдаги, спорталъул арбитражалъул судалъул (CAS) хIукмуялда рекъон, нилъер спортсменал цере рахъана Россиялъул Олимпиадалъулаб комитеталъул байрахъалда гъоркь, амма гимналъул бакIалда гьениб П.Чайковскиясул концерталъул цо бутIа хIалтIизабуна. Спорталъул киналниги тайпабазул гьеб Олимпиадаялда ккарал хIасилал рехсезе ккеларо, спорт бокьулезда гьел лъикI лъалел ратула, амма цо-цоял рехсани, лъикIаб букIинин ккола.

Токиоялда рукIарал хIаязда Россиялъул команда щуабилеб бакIалде бачIана. Гьелъие щвана 71 медаль (меседил- 20, гIарцул-28 ва мазгарул -23). Нилъер спортсменазул церерахъинал кинал рукIун ратаниги, гьел лъикIаллъун рикIкIунел руго (2016 соналъул хIасилазда данде ккун).

Экспертазул биценалда рекъон, гьенир рукIун руго нилъер спортсменазе кьолел къиматал гIодорегIан гьариялъул хIужабиги. Хасго гьеб загьирлъун буго художественнияб гимнастикаялда.

Гьай-гьай, гьел хIаязда Россиялъул командаялда гьоркьор рукIана Дагъистаналдаса спортсменалги ва гьезул церерахъинал квешалги рукIинчIо.

Гьедин, ГIабдурашид Садулаевас (эркенаб гугари, тренер-нилъер ракьцояв, Шамиль ГIумаров), Альберт Батыргъазиевас (бокс) ва Заур Угуевас (эркенаб гугари, тренер, нилъер ракьцояв Шеме Шемеев) гьенир меседил медалал росана.

Муслим ХIажимухIамадовасе (бокс), М-хIабиб КъадимухIамадовасе (эркенаб гугари), щвана гIарцул медалал, ХIажимурад Рашидов (эркенаб гугари) ва Зенфира МухIамадгIалиева (бокс) гьенир мазгарул медалазе мустахIикълъана.

XXXIII - абилеб риидалил Олимпиада 2024 соналъ Франциялъул тахшагьар Парижалда тIобитIизе буго.

**И. БУЛАТХАНОВ**

# Прокуратура извещает...

Указом Президента Российской Федерации от 26.07.2021 № 437 внесены изменения в Указ Президента РФ от 02.10.1992 № 1157 ***«О дополнительных мерах государственной поддержки инвалидов».***

Своим Указом Президент ввел обязанность с 26.07.2021 года обслуживать вне очереди детей-инвалидов и тех, кто их сопровождает. Данную обязанность должны соблюдать предприятия торговли, общепита, службы быта, связи и ЖКХ, учреждения здравоохранения, образования, культуры, юридические компании и другие.

С указанной даты дети-инвалиды и их сопровождающие лица имеют также право на внеочередной прием у руководителей и других должностных лиц предприятий, учреждений и организаций.

Ранее, данные положения касались только инвалидов 1 и 2 групп, т.е. совершеннолетних граждан. Теперь же, с учетом внесенных Президентом Российской Федерации дополнений, в указанную категорию внеочередников входят несовершеннолетние, которым присвоена категория «ребенок-инвалид».

*Росдал магIишаталда*

# КьагIи ратIа гьаруна

Нилъеда лъала кьагIи ратIагьариялъул кампания гIигун гьабулеб аслияб хIалтIул цояблъун кколеблъи. Гьел ратIа гьарула жидер лъабго моцI гIуралдаса. Цоги, гьел ратIа гьарураб гIоларо, гьездасан гIуцIизе ккола, гьезул церетIеялде балагьун, жиде-жидер рехъаби. Рехсараб кампания бетIералде бахъинабиялъе кумекалъе ахIула гIадамал, узухъда, гьезие хIажатал шартIалги чIезаризе ккола. Гьеб рахъалъ цебесеб кьерда руго гIакьхъадерил «БагIараб Октябрь» ва буртабазул «Хасаевасул ва Къасумовасул» СПКял.

ГIакьхъадерил гIухьбуз 100 лемагалда хадуб цIунана 100 ва батIа гьабуна 6 азаргоялдаса цIикIкIараб къадар кьагIазул, буртабазул гIухьбузин абуни, 100 лемагалда хадуб - 98 кьегIер ва гьезул батIа гьабуна 4-азаргоялдаса цIикIкIараб къадар.

**ГI. ГАБДУЛМУСЛИМОВ,**
**УСХялъул бетIерав зоотехник**

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
**Заместитель:**
Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Ибрагьим Идрисов,
Динара Батиева,
Асият Дибирова
**Набор:**
Меседо ХIайбаева
**Верстка:**
Марьям АтавхIажиева,
Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1205, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола